

NLRA ak Dwa pou Fè Grèv

Dwa pou Fè Grèv Seksyon 7 Lwa a deklare an pati, “Anplwaye yo dwe gen dwa. . . pou angaje nan lòt aktivite nan tèt ansanm pou objektif negosyasyon angwooup avèk patwon an oswa lòt èd oswa pwoteksyon youn pou lòt.” Grè yo fè pati nan aktivite nan tèt ansanm ki pwoteje pou anplwaye yo avèk seksyon sa a. Seksyon 13 konsène dwa pou fè grèv tou. Men sa ki deklare ladan:

Okenn dispozisyon lwa sa a, so sa yo prevwa yon fason espesyal, pa dwe entèprete yon fason pou vyole dwe pou anplwaye yo fè grèv, oswa yon fason pou afekte limit oswa kalifikasyon sou dwa sa a.

Sa endike aklè nan yon lekti de dispozisyon sa yo ki deklare: non sèlman lwa a garanti dwa anplwaye yo pou fè grèv, men tou li mete limit ak kalifikasyon sou egzèsis dwa sa a.

Grèv legal ak grèv ilegal. Legalite yon grèv ka depannde objè, oswa objektif grèv la, kwonometraj oswa konduit grevis yo. Objè oswa kèk objè yon grèv ak si objè yo legal se afè ki pa toujou fasil pou detèmine. Se Konsèy Nasyonal Relasyon Travay ki deside souvan sou kesyon konsa yo. Konsekans yo kapab grav pou anplwaye grevis yo epi ak patwon yo ki anba grèv la, ki gen rapò avèk reyentegrasyon ak peman aryere salè yo.

Grèv pou yon objè legal. Anplwaye ki fè grèv pou yon objè legal tonbe nan de kategori: grevis ekonomik ak grevis pou pratik travay enjis. Toulède kategori yo kontinye kòm anplwaye, men grevis pou pratik travay enjis yo gen pi gwo dwa pou reyentegrasyon nan djòb yo.

Grevis ekonomik ki defini. Si objè yon grèv se pou jwenn yon konseson ekonomik patwon an, tankou pi gwo salè, orè travay pi kout, oswa pi bon kondisyon travay, anplwaye grevis yo rele grevis ekonomik. Yo konseve sitiyasyon yo kòm anplwaye epi patwon an pa kapab revoke yo, men patwon an kapab ranplase yo. Si patwon an anboche an bòn-fwa ranplasman pèmanan ki pran djòb grevis ekonomik yo lè grevis yo aplike san kondisyon pou yo retounen nan travay, grevis yo pa gen dwa pou yo jwenn reyentegrasyon nan moman an Men, si grevis yo pa jwenn yon travay regilye ak ekivalan yon fason enpòtan, yo gen dwa pou yo rele yo nan djòb yo kalifye pou fè lè gen pòs travay lib nan djòb sa yo, si grevis yo, oswa reprezantan yo pou negosyasyon avèk patwon an, te fè yon demann san kondisyon pou reyentegrasyon yo.

Grevis ki defini pou pratik travay enjis. Anplwaye ki fè grèv pou pwoteste kont yon pratik travay enjis patwon yo fè rete grevis pou pratik travay enjis. Patwon an pa kapab ni revoke ni fè ranplasman pèmanan grevis sa yo. Lè grèv la fini, grevis ki viktim nan pratik travay enjis yo, si yo pa gen move konduit grav, pandan grèv la, yo gen dwa pou retounen nan djòb yo menmsi patwon an dwe ranvwaye anplwaye li anboche pou fè djòb grevis yo.

Si Konsèy la jwenn grevis ekonomik yo oswa grevis ki viktim nan pratik travay enjis ki te fè yon demann san kondisyon pou reyentegrasyon jwenn refi ilegal patwon an pou reyentegrasyon, Konsèy la ka akòde aryere salè ba grevis sa yo apati moman yo ta dwe reyentegre nan djòb yo.

Grèv ki ilegal akòz objektif. Yon grèv ka ilegal paske yon objè, oswa objektif grèv la ilegal. Yon grèv ki sipòte pratik travay enjis yon sendika, oswa yon grèv ki ta lakòz yon patwon fè yon pratik travay enjis, ka yon grèv ki pou yon objè ilegal. Paregzanp, se yon pratik travay enjis pou yon patwon ranvwaye yon anplwaye oswa pou patwon an pa fè sèten peman legal ba sendika a lè pa gen akò sekirite avèk sendika a ki anvigè (Seksyon8(a)(3)). Yon grèv pou oblige yon patwon fè sa ta yon grèv ki pou yon objè ilegal, poutèt sa, se yon grèv ki ilegal.

Answit, Seksyon8 (b)(4) Lwa a entèdi grèv pou sèten objè menmsi grèv yo pa nesesèman ilegal si anplwaye fè li avèk kèk lòt mwayen. Yon egzamp na sa se ta yon grèv pou egzije Patwon A sispann fè biznis avèk Patwon B. li pa ilegal pou Patwon A sispann fè biznis avèk volonte li avèk Patwon B, li pa ilegal nonplis pou yon sendika senpleman mande pou Patwon A fè sa. Men, li ilegal pou sendika a fè grèv ki gen objè pou fose patwon an fè sa. Nan nenpòt evènman, anplwaye ki patisipe nan yon grèv ilegal ka jwenn revokasyon yo epi yo pa gen dwa pou reyentegrasyon.

Grèv ki ilegal akòz kwonometraj—Efè kontra pou pa gen grèv. Yon grèv ki vyole yon dispozisyon yon kontra pou pa gen grèv pa pwoteje avèk Lwa a, epi anplwaye grevis yo kapab jwenn revokasyon oswa disiplin, sof si yo mande grèv la pou pwoteste kont sèten kalite pratik travay enjis patwon an fè. Ou ta dwe remake se pa tout refi pou travay ki konsidere kòm grèv epi konsa yo se vyolasyon dispozisyon pou pa gen grèv. Yon soti akòz kondisyon ki danjere yon fason anòmal pou sante, tankou yon sistèm ayerasyon ki anpàn nan yon atelye penti avèk ayewosòl te òganize pa pou vyole yon dispozisyon pou pa gen grèv.

Menm—Grèv nan fen peryòd kontra. Seksyon 8(d) prevwa lè nenpòt moun ki konsène vle fini oswa chanje yon kontra ki la deja, li dwe konfòme li avèk sèten kondisyon. Si kondisyon sa yo pa satisfè, yon grèv pou fini oswa chanje yon kontra se yon grèv ki legal epi grevis patisipan yo ap pèdi sitiyasyon yo kòm anplwaye patwon ki angaje nan konfli travay la. Si grèv la te fèt akòz pratik travay enjis patwon an, men grevis yo klase kòm grevis akòz pratik travay enjis epi sitiyasyon yo pa afekte poutèt yo pa swiv pwosedi obligatwa a.

Grèv ki ilegal akòz move konduit grevis yo. Grevis ki angaje nan move konduit grav pandan yon grèv ka jwenn refi pou reyentegrasyon nan ansyen djòb yo. Sa aplike pou grevis ekonomik yo ak grevis pou pratik travay enjis yo. Kèk nan move konduit grav grevis yo genyen se, pamì lòt bagay yo, vyolans ak menas pou fè vyolans. Tribunal Siprèm Etazini te deside yon grèv “chita”, lè anplwaye yo senpleman rete nan izin nan epi yo refize travay, konsa lakòz mèt pwopriyete a fè pèt, pa pwoteje avèk lwa a. Men kèk move konduit grav ki kapab lakòz anplwaye ki konsène yo pèdi dwa yo pou reyentegrasyon:

- Grevis ki fè blokaj fizik sou moun k ap antre ak soti nan yon izin ki bloke.
- Grevis ki menase pou fè vyolans kont anplwaye ki pa patisipe nan grèv la.

- Grevis ki atake anplwaye direksyon an

Dwa pou Pikèt. Menm jan tou dwa pou pikèt depannde limit ak kalifikasyon. Tankou avèk dwa pou grèv la, kapab gen entèdiksyon pou pikèt akòz objè li oswa kwonometraj li, oswa move konduit sou liy pikèt la. Answit, Seksyon 8(b)(7) deklare se yon pratik travay enjis pou yon sendika òganize pikèt pou sèten objè kit pikèt la akonpaye yon grèv oswa pa.

NÒT: Ou dwe remake dokiman sa a reprezante sèlman yon ti apèsi. Yon analiz detaye lwa a konsènan grèv yo, ak aplikasyon lwa nan tout sitiyasyon ki baze sou vrè enfòmasyon ki kapab genyen anrapò avèk grèv yo depase limit materyèl sa a. Anplwaye ak patwon ki prevwa y ap fè aksyon grèv ta dwe fè sa avèk prekosyon epi sou baz konsèy konpetan.